# Хатыр: нæ зыдтам аргъ дæ кадæн



Джыккайты Шамилы мысынæн

Йæ тынтæ хур сæуæхсидмæ æрвыста,
Сæууон æртæх зæлдаг сыфтыл æрхауд.
Æнæнхъæл, арвæй урс – урсид фæлысты
Хæххон Дзомагъмæ Хъодыгонд зæд ‘ртахт.







СОВЕТОН ÆМÆ УÆРÆСЕЙЫ АХУЫРГОНД

ФИЛОЛОГ, ФЫССÆГ, ПУБЛИЦИСТ,КРИТИК, ÆХСÆНАДЫ КУСÆГ.



# *Цæгат Ирыстоны адæмон поэт, профессор.*



Ныффыста æхсæз поэтикон æмбырдгонды æмæ æртæ пьесæйы.



*Ирыстоны номдзыддæр лæгтæй сæ иу.*





*Ирон æвзагмæ тæлмац кодта  фæсарæйнаг æвзæгтæй.*



Мæ ныхыл рухс цырагъ
сыгъдис,

Мæ риуы зæлыдис
дзæнгæрæг,

Йæ дзингæй талынгмæ
лыгъдис

Хуыснæг, хæйрæг æмæ
æрвнæрæг.



Хъазуаты сидтæн æз фæдис,
Фæткъуы бæлас ныссагътон.
Мæнæн, цы зæгъон, уый уыдис,
Зæгъын цы хъуыд, уый загътон.



*Мæ хъæрæй нæ райхъал æфсарм,*
*Нæ уæм хъуыст фыдохы мæ фæдис.*



*Æртæ урс дуры Дзомагъæй æрхастон,*
*О ме скæнæг, цæй амонддджын дæн æз!*
*Нæ зæххæй мæм æртæ хорзы æрхауди:*
*Йæ рыст, йæ маст æмæ йæ уарзт.*





*Уыдис мын дзуар æмæ æмгар,*
*Нæ хастон худ æгадæй.*
*Кæлмытæ амардтон дзæвгар,*
*Нæ лыгъдтæн дард дзынгатæй.*



Мæ Ир, цы маст зоныс мæнæй,
Мæ уд цæй охыл дарыс артмæ?
Кæд мын цæрæн дæ риуыл нæй,
Уæд дзы кæдæм фæлидзон дардмæ?





*Ирон дзырдтæ мын хуртæ сты... Уæддæр*
*Дыууадæс дзырды — се ‘ппæтæй хуыздæр.*
*Лæууы сæ сæргъы фарны дзырдтæн ЦАРД,*
*Йæ фидауц уымæн — арвы стъæлфæн — АРТ.*
*Нæртон дзырдтæн сæ фæлмæндæр у МАД,*
*Цæуы йæ армæй адæмыл БÆРКАД.*
*Нæ дзыллæйæн йæ рухсдæр бæллиц — ФАРН,*
*Уæздан лæгæн йæ уæлдæр цин — ÆФСАРМ.*
*Сыгъдæг удæн йæ мæты сæр — ХÆЛАР,*
*Ыскæны мах Хуыцауы ‘мсæр ÆХСАР.*
*Лæджы нысан — СÆРИБАР æмæ КАД.*
*Сæ сæрвæлтау хъæуы хæцынæн КАРД.*
*Æппæт хæрзтæн ИРЫСТОН у бындур*

*Схъулон ис дæ хъарм туджы*
*æртæхтæй*
*Сихорафон хъæды ‘рдузы зæхх.*
*Дард, фæсхохы Дзомагъы къæдзæхтæ*
*Сау цæссыг цæуыл ызгъалынц, зæгъ?!*



*Хатыр: нæ зыдтам аргъ дæ кадæн,*
*Цæргæйæ нæ рæвдыд нæ зыдтай,*
*Ныр дыл зæрдæбынæй æркуыдтой*
*Нæ Ир, дæ табугæнæг адæм.*



Кæд базондзыстæм царды бонтæн аргъ,

Адзал хъызт зымæг къæсæргæрон ниуы...

Нæхи йеддæмæ никæй хъæуæм мах,

Нæхæдæг та нæ ауæрдæм нæхиуыл...